

# Diskriminasyon sou kredi ilegal

Daprè lalwa federal, kreditè yo pa gen dwa fè diskriminasyon kont ou. Lè ou aplike pou kredi oswa prete lajan, li kont lalwa pou yo fè diskriminasyon akòz:

- Ras
- Koulè
- Relijyon
- Orijin nasyonal
- Sèks (ki gen ladan oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl)
- Estati eta sivil
- Laj
- Resevwa lajan nan asistans piblik

Lis ki anwo a montre karakteristik ki pwoteje anba Lwa sou Opòtinite Kredi Egal (ECOA) a. Kreditè yo pafwa gen pèmisyon pou yo poze w kesyon sou atik ki sou lis la, sitou paske li ede kreditè a montre yo ap swiv lalwa. Men, kreditè yo pa ka anpèche w aplike pou kredi, oswa rejte aplikasyon w lan, baze sou ki jan w ta ka dekri lè yo ta sèvi avèk lis sa a (pa egzanp, sèks ou oswa relijyon). Kreditè yo pa gen dwa fè w peye frè ki pi wo, tankou yon to enterè ki pi wo oswa frè ki pi wo, akòz faktè ki sou lis la. Epi, yo pa ka rejte aplikasyon w lan paske ou te egzèse dwa w yo daprè sèten lwa pwoteksyon konsomatè yo.

Nan lespas limit yo, kreditè yo gen dwa konsidere lòt faktè, tankou revni, dèt, ak istwa kredi yo, lè yo deside si y'ap ofri w kredi ak ki tèm yo ofri w.

**ECOA aplike a prè ak kredi yo ki gen ladan yo:**

- |  |  |
|--|--|
|  Prè machin     |  Kat kredi    |
|  Prè kay        |  Prè pou elèv |
|  Prè pou bisnis |  Prè pèsònèl  |

## Ogreenwoteje anba Lwa sou Opòtinite Kredi Egal (ECOA) a

ECOA se yon lwa federal, ke yo te mete an vigè an 1974. Li fè diskriminasyon kredi ilegal epi li kenbe kreditè yo responsab si yo vyole lalwa. Anpil pati nan gouvènman ameriken an ranfòse lalwa-tankou CFPB a.

## Siy avètisman sou diskriminasyon

Ou ka fasil idantfyé diskriminasyon sou kredi si w prepare epi w okouran de siy avètisman yo. Kredi diskriminasyon an pa rive sèlman nan yon sitiyasyon fas-a-fas, sa vle di li ka difisil pou idantifye. Fè atansyon si:

- Yo trete w yon fason diferan an pèsòn ke lè w nan telefòn oswa sou entènèt
- Ou dekoraje pou aplike pou kredi
- Yo ankouraje w oswa di w pou aplike pou yon kalite prè ki gen kondisyon ki mwen favorab (pou egzanp, yon to enterè ki pi wo)
- Ou tande kreditè a fè kòmantè negatif sou ras, oriin nasyonal, laj, sèks (ki gen ladan oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl), oswa lòt estati pwoteje

- Refize kredi menm si ou kalifye pou li baze sou kondisyon ki pibliye yo
- Ofri w kredi ki gen yon to enterè ki pi wo pase sa ou aplike pou li a, menm si ou kalifye pou yon pouvantaj pi ba ki baze sou kondisyon ki pibliye yo

## Chache èd legal si ou kwè ke yo te fè diskriminasyon kont ou

Konsomatè yo ta dwe chèche èd jiridik si yo panse yo te sibi diskriminasyon.

- Pou resous legal ki nan lis eta pa eta a, visite: [lawhelp.org](http://lawhelp.org)
- Pou jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon pou asistans nan yon pwogram Sèvis Legal ki finanse pa Legal Services Corporation, visite: [lsc.gov/what-legal-aid/find-legal-aid](http://lsc.gov/what-legal-aid/find-legal-aid)
- Lokalize biwo pwokirè jeneral eta w la: [naag.org/find-my-ag](http://naag.org/find-my-ag)

## Fason pou prepare anvan ou fè yon prè

Si w'ap malmennen finansyèman, sekou pou katastwòf ak lòt pwogram gouvènman yo ka ede w evite fè yon prè ki koute chè oswa w tonbe victim de yon fwod.

## Fè pwòp rechèch ou

Tcheke acha yo. Aprann sou benefis ak risk prè yo oswa kat kredi ou vle a. Fè rechèch sou to/ pouvantaj enterè aktyèl yo. Konpare òf plizyè lòt krediretè yo.

## Konnen istwa kredi w

Asire w ke pa gen okenn erè oswa atik ki manke nan rapò sou kredi w yo. Ou gen dwa pou mande yon kopi gratis sou rapò kredi w yo chak ane, nan chak twa pi gwo konpayi ki bay rapò kredi sou konsomatè yo, lè ou vizite [AnnualCreditReport.com](http://AnnualCreditReport.com).

Lè ou vizite sit la, ou ka swiv etap yo pou wè rapò ke yo mete ajou pi souvan sou entènèt la. Sa a ba w yon pi gwo kapasite pou kontwole chanjman nan kredi w.

Si sa nesesè, ou ka mande si wi ou non rapò sou kredi w yo disponib nan lang ou pi pito a.

## Poze kesyon sou depans total yo

Gade pi lwen pase pèman chak mwa a. Asire w ke w konprann to enterè yo ak kantite lajan total enterè a ak frè ke w peye sou peryòd long sa a. Poze kesyon sou ki frè ak chaj ki ka negosyab

## Rete an kontwòl

Kreditè pa ta dwe fè w santi w prese oswa san nesesite reta aksyon sou aplikasyon w lan. Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon alekri-k nan pifò ka yo, sa vle di ou jwenn enfòmasyon alè sou desizyon yon kreditè te pran sou aplikasyon w lan pou kredi.

## Asire w anvan w siyen

Ou pa ta dwe janm santi w sou presyon pou siyen. Ou ta dwe pran tan w pou asire w ke kredi pwodwi a ak kondisyon yo bon pou ou. Si sa nesesè, mande kreditè a si wi ou non gen èd ki disponib nan lang ou pi pito a.



## Etap pou rezoud yon dispit

Pwoblèm avèk pwodwi ak sèvis finansye yo rive pafwa, epi souvan yo ka fikse yo si ou travay dirèkteman avèk konpayi an. Menm si ou soumèt yon plent pita bay CFPB a oswa anboche yon avoka, sa ka ede w pran premye etap yo ou menm pou tèt ou.

Pifò konpayi yo ka jwenn yo pa telefòn, imèl, chat sou entènèt, lapòs, oswa nan medya sosyal pa. Konsèy ki ka ede:

- Pa janm afiche done pèsonèl ou sou medya sosyal oswa sit revizyon yo
- Evite langaj iritan, iwonik, oswa menasan
- Pran nòt pandan konvèsayon an – ak ki moun ou te pale, ki lè ak sa yo te di

Anvan w kontakte konpayi an, prepare w epi kenbe enfòmasyon yo nan men w:

- Non, adrès, nimewo telefòn, ak nimewo kont ou oswa nimewo tranzaksyon ou
- Kisa ki te pase-osi klè ak-o-pwen ke ou kapab
- Ki sa w vle fikse pwoblèm lan
- Dokiman yo oswa mesaj sou ekran yo ki montre sa ki te pas

## Soumèt yon plent

Ou gen yon pwoblèm avèk yon pwodwi oswa yon sèvis finansye? Nou pral voye plent ou bay konpayi an epi travay pou fè w jwenn yon repons - jeneralman nan lespas 15 jou.

Aprann plis nan: [consumerfinance.gov](http://consumerfinance.gov)

## Konekte nou

 Sou entènèt  
[consumerfinance.gov](http://consumerfinance.gov)

 Pa telefòn  
(855) 411-CFPB (2372)  
(855) 729-CFPB (2372) TTY/TDD

 Pa lapòs  
Consumer Financial Protection Bureau  
P.O. Box 27170  
Washington, DC 20038

 Soumèt yon plent  
[consumerfinance.gov/complaint](http://consumerfinance.gov/complaint)



Consumer Financial  
Protection Bureau

Jwenn plis enfòmasyon nan [consumerfinance.gov](http://consumerfinance.gov)

3 / 3

12/2021